

# SIY DANJE

REVIZE LIS SIY DANJE KI PI BA A POU OU  
PWOTEJE TÈT OU KONT ANTREPRENÈ KI  
KA MAGOUYÈ.

## DEMOLISHCONTRACTOR FRAUD

STEPS TO AVOID FALLING VICTIM

Antreprenè jwe yon wòl enpòtan nan pwosesis konstriksyon ak reparasyon pwopriyete. Malerezman, gen kèk antreprenè ki ap eseye pran avantaj sou ou. Gen bagay ou kapab verifye lè w ap eseye detèmine si yon antreprenè kapab lage ou nan erè.

## Si yon antreprenè...



- ▶ Li prezante lakay ou oswa nan espas travay ou san ou pa t mande sa epi li ofri ou pèman oswa yon kat kado pou yon enspeksyon gratis..
- ▶ Nan fen enspeksyon an li di ou gen yon zòn nan kay ou a ki andomaje, menm si ou pa t remake domaj oparavan.
- ▶ Li fòse ou pou ou depoze yon reklamasyon pou asirans.
- ▶ Li pwomèt ou sèvis san frè oswa li ofri ou pou ou renonse a franchiz asirans ou an.
- ▶ Li fòse ou pou ou depoze yon reklamasyon pou asirans tousuit paske delè a prèske rive.
- ▶ Fòse ou oswa ankouraje ou siyen yon Transfè Avantaj oswa lòt tip kontra tankou yon akò otorizasyon pèman.
- ▶ Pa pèmèt ou egzamine kontra a oswa akò a, oswa li pase dirèkteman nan liy siyati a.
- ▶ Pa ba ou yon kopi kontra a oswa akò a, oswa li refize ba ou l.
- ▶ Pa kapab oswa li pa vle ba ou referans pou lòt travay li te fè deja.
- ▶ Ensiste sou kesyon vwazen ou an oswa vwazen ou yo te fè yo fè menm travay sa yo.



## Si yon antreprenè...

- ▶ Mande ou peye li tout lajan li alavans oswa si li mande ou pèman an kach sèlman.
- ▶ Ba ou yon estimasyon ki se yon montan fòfetè, oswa yon estimasyon ki trè jeneral epi ki manke detay ki presi ak lis ki detaye.
- ▶ Pa gen yon espas komèsyal etabli oswa kote pou ou kontakte li a pa yon antrepriz ki etabli, tankou yon otèl, yon bwat postal, yon kamyon oswa yon remòk travay.
- ▶ Pa dispoze ba ou prèv Sètifika Asirans pou Responsablite Sivil Jeneral ak Asirans kont Aksidan Travay (Certificates of Insurance for General Liability and Workers' Compensation) li a.
- ▶ Rakonte ou li pito trete tout kominikasyon an pèsòn epi li montre retisans pou itilizasyon lapòs, imèl oswa mesaj tèks.
- ▶ Pa gen yon pèmi pou konstwi oswa sètifika Florida ki valid epi ki aktif.
- ▶ Òf li a nètman enferyè oswa nètman siperyè parapò a lòt òf ou te resevwa pou menm travay la.
- ▶ Deklare pri li ofri a se pou yon jounen sèlman oswa se pou yon dire ki limite.
- ▶ Ofri ou rabè si fanmi ou, zanmi oswa vwazen ou mande sèvis li.
- ▶ Ofri ou rabè pou ou kite li itilize materyo ki rete sou yon travay li te fè avan sa.

# SIY DANJE

**DEMOLISHCONTRACTOR**  
**FRAUD**  
STEPS TO AVOID FALLING VICTIM

FLORIDA'S INSURANCE CONSUMER  
**ADVOCATE**  
FLORIDA DEPARTMENT OF FINANCIAL SERVICES

— Tasha Carter —

@YourFLVoice

YourFLVoice@MyFloridaCFO.com

www.MyFloridaCFO.com/Division/ICA